NEW YORK STATE OF OPPORTUNITY. | Homes and Community Renewal

KATHY HOCHUL
Gouvènè

RUTHANNE VISNAUSKAS
Komisè/PDJ

Estati Imigrasyon, Diskriminasyon nan Lojman, ak Asèlman Lokatè: Kesyon yo Poze Souvan

1. **Ki sa diskriminasyon nan lojman ye?**
   Dapre Lwa sou Dwa Moun nan Eta New York, li ilegal (1) pou w refize lwe, vann, bay an lokasyon, finanse, asire, negosye, oswa otreman refize oswa kenbe yon lojman sou baz sèten karakteristik pwoteje; (2) fikse kondisyon diferan oswa bay sèvis inegal sou baz sèten karakteristik pwoteje; (3) refize fè aranjman rezonab nan règ, politik, pratik, oswa sèvis yo, lè aranjman sa yo ka nesesè pou bay yon moun ki andikape yon opòtinite egal pou itilize epi jwi yon lojman; (4) fè, enprime, pibliye oswa sikile deklarasyon oswa piblisite diskriminatwa; (5) fè fo deklarasyon sou disponiblite lojman sou baz sèten karakteristik pwoteje; (6) entèfere, fòse, oswa entimide moun k ap chèche egzèse dwa yo; (7) refize akòde oswa bay enfòmasyon pou yon prete oswa enpoze diferan kondisyon pou yon prete sou baz sou sèten karakteristik pwoteje; (7) asele, menase, entimide, oswa fòse yon moun sou baz yon karakteristik pwoteje; epi (8) fè reprezay kont yon moun k ap chèche reklame dwa li.

2. **Èske Lwa sou Dwa Moun nan Eta New York la kouvri m kèlkeswa estati imigrasyon m?**
   Wi. Tout moun New York gen pwoteksyon kont diskriminasyon ki baze sou sèten karakteristik pwoteje anba Lwa sou Dwa Moun nan Eta New York ("NYSHRL"), kèlkeswa estati imigrasyon yo. Plizyè lokalite ka gen pwòp lwa pa yo ki bay plis pwoteksyon. Youn oubyen plizyè nan lwa nan eta a ak lokal sa yo pwoteje w kont diskriminasyon ki baze sou yon kantite karakteristik pwoteje, tankou orijin nasyonal, ras, kwayans/relijyon, koulè, andikap, idantite oswa ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl, estati militè, laj, sèks, estati matrimonyal, estati viktim vyolans domestik, sous revni legal, arestasyon annatant oswa sèten kondanasyon ki rezoud an favè moun nan, oswa sitiyasyon familyal. An Desanm 2022, Eta New York te ajoute "sitwayènte oswa estati imigrasyon" nan lis kategori yo pwoteje anba lalwa. Tèm "sitwayènte oswa estati imigrasyon" an defini kòm sitwayènte nenpòt moun oswa estati imigrasyon nenpòt moun ki pa sitwayen Etazini. Lwa sou Dwa Moun nan Vil New York la pwoteje tou estati imigrasyon oswa sitwayènte.

   Pa egzanp:

   - Si yon pwopriyetè refize repare apatman w lan paske ou gen orijin meksiken, sa a se yon enfraksyon devan lalwa. Pwopriyetè w la oblije respekte obligasyon li pou l kenbe garanti abitabilite a, kèlkeswa orijin nasyonal ou oswa estati imigrasyon w.
   - Si yon pwopriyetè mande w yon lòt montan lwaye oswa yon depo ki pi wo akòz estati imigrasyon w, sa ilegal, omwen dapre lalwa Eta New York.

3. **Ki sa asèlman lokatè ye?**
   Lalwa Eta New York ak sèten lwa lokal entèdi yon pwopriyetè ak/oswa ajan li (yo) asele yon lokatè. Pa

Revizyon (3/2025)

egzanp, lwa sou estabilizasyon lwaye Vil New York la ak lwa lokal yo entèdi yon pwopriyetè oswa nenpòt moun k ap aji nan non li pou pran nenpòt aksyon ki gen entansyon nui konfò, lapè, repo oswa trankilite yon lokatè, oswa pou fòse lotakè a kite lokal la oswa renonse ak dwa li anba kontra lokasyon alekri yo a oswa lòt akò lokasyon. Pa egzanp: Si yon pwopriyetè pran mezi pou fòse w soti nan apatman w lan, tankou frape nan pòt ou, etenn chofaj la nan sezon ivè, oswa maltrete w vèbalman, sa a se asèlman lokatè ilegal.

4. **Èske mwen gen pwoteksyon kont asèlman lokatè kèlkeswa estati imigrasyon mwen?**
   Wi. Ou gen pwoteksyon kont asèlman lokatè anba plizyè lwa sou lojman ki ka aplike. Pa egzanp, lwa sou estabilizasyon lwaye a pwoteje ou, kèlkeswa estati imigrasyon ou, depi w ap viv nan yon apatman ki gen lwaye reglemante. Anplis, si ou se yon lokatè ki gen lwaye estabilize, li ilegal pou pwopriyetè w la mande enfòmasyon sou estati imigrasyon w oswa nimewo sekirite sosyal ou kòm yon kondisyon pou renouvle kontra-lwaye w la.[1]

   Pou w konnen si w ap viv nan yon lojman ki gen lwaye reglemante, kontakte biwo Lojman ak Renouvèlman Kominotè Eta New York la nan nimewo ki anba a. Pou nenpòt lòt kesyon oswa pou jwenn konsèy legal, li rekòmande pou ou kontakte yon founisè sèvis legal lokal.

5. **Ki sa diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal ye?**
   Diskriminasyon sou orijin nasyonal se diskriminasyon nan lojman yo entèdi ki baze sou zansèt ou, orijin etnik ou, oswa kote ou fèt. Lwa Eta New York sou lojman ekitab entèdi pratik sa a. Pèsonn pa ka refize w yon lojman paske ou menm oswa fanmi w soti nan yon lòt peyi.

6. **Ki moun mwen ta dwe kontakte si mwen panse mwen te viktim diskriminasyon nan lojman?**
   Si ou kwè ou te viktim diskriminasyon, ou ka depoze yon plent lè w kontakte:
   Eta New York
   Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights)
   Nimewo gratis (888) 392-3644
   TDD/TTY (718) 741-8300
   Lojman Ekitab : (844) 862-8703
   Paj dakèy : http://www.dhr.ny.gov/
   Gid lojman ekitab : https://dhr.ny.gov/system/files/documents/2024/04/nysdhr-fairhousing-brochure-2024.pdf

7. **Ki moun mwen ta dwe kontakte si mwen panse mwen te viktim asèlman lokatè?**
   Si w ap viv nan yon lojman ki gen lwaye reglemante epi ou kwè ou te viktim asèlman lokatè, tanpri kontakte:
   Depatman Kay ak Renouvèlman Kominotè Eta New York (NYS Homes & Community Renewal)
   Inite Pwoteksyon Lokatè (Tenant Protection Unit)
   Adrès imèl: tpuinfo@hcr.ny.gov
   Paj dakèy: https://hcr.ny.gov/tenant-protection-unit
   Si ou pa rete nan yon lojman ki gen lwaye reglemante epi ou kwè ou te viktim asèlman lokatè, tanpri kontakte founisè sèvis legal lokal ou a.

[1] Tanpri sonje: NYSHRL la pa entèdi verifikasyon sitwayènte oswa estati imigrasyon lè lalwa egzije sa. Anplis, li pa entèdi aksyon defavorab ki baze sou verifikasyon sitwayènte oswa estati imigrasyon kote lalwa egzije sa. Gade NY CLS Exec § 292 (2025).